Темэр: **Хабзэр къагупсысыркъым - гъащ!эм къыхок!.**

Мурадыр: Адыгэ хабзэм хащ!ык!ым хэгъэхъуэн; адыгэ хабзэм къызэщ!иубыдэхэм я гугъу щ!ын; псалъэжьхэр, усэхэр, псалъэ пэжхэр зэпкърыхын; бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ егъэк!уэк!ын.

Нэрылъагъухэр: адыгэ хабзэм теухуа тхылъхэр, адыгэ псалъэжьхэр зэрыт газет «Адыгэ нэмыс» уэрэдыр.

Урокым и план:

1. Сэлам ехын.
2. Хэзышэ псалъэмакъ егъэк!уэк!ын.

Нобэ фэрэ дэрэ урок щ!ыб еджэныгъэ ди.'энущ. Нобэрей ди зэ!ущ!эри зыхуэунэт.'ауэ щытынур адыгэ хабзэм и зы !ыхъэщ. Адыгэ хабзэм куэд къызэщ!еубыдэ. Абыхэм псоми зы урокк!э я гугъу пхуэщ!ынукъым. Ди хабзэ дахэм и фащэ нэхъыф!, нэхъапэ дыдэхэм ящыщщ адыгагъэмрэ адыгэ нэмысмрэ !ыгъыныр, гъэзэщ!эныр. Абы къызэщ!еубыдэ ц!ыхум и щ!ыхьыр зэримыгъэпудынур, ук!ытэр, щытык!эр, гулъытэр, нэхъыжьыр гьэлъэп!эныр, бзылъхугъэр лъытэныр, сабийм хуэсакъыныр, нэгъуэщ!ыр уи щхьэм пэщ!ыныр, н. ку. Ищхьэк!э щыжыт!а псори къызэщ!еубьщэ нобэрей ди урокым эпиграф хуэт!щ!ам.
Ф.'ыуэ еджэ, ф!ыуэ лажьэ, губзыгъэу псалъэ, !эдэбу щыт - аращ адыгэ хьэлк!э зэджэр. Ик1и сыхуейт Бемырзэ Мухьэдин и «Дэ нобэ ди лъэпкъ хабзэк!э дызэджэр» жыхуи.'э усэмк!э урокыр зэ!усхыну. Мы усэм къэк!уэну псалъэ гугъухэм дыщрихьэл!энущ.

Псалъэ гугьухэр: уэркъ - дворянин; уэркъ хабзэ - дворянский обычай; лъхукъуэл! -низшее сословие; щауэ щ!алэ - жених;

Дэ нобэ ди лъэпкъ хабзэк!э дызэджэр
Уэркъ хабзэу зэман гуэрым щытыгъащ,
Ик!и абы и нэ!э тк!ий гъуэзэджэм Пщ!э зи
щхьэм хуэзыщ!ыжыр щытыгъащ
Щытхъуну щ!алэ гуэрым ягу къэк!амэ,
«Уэркъ щауэ хуэдэщ» жа!эу щыгуф!ык!т.
Нэмыск!э пщащэм зыгъэ!ун лъэк!амэ
Лъхукъэл! унагъуэм хагъэбелджылык!т
Иджы «Адыгэ хабзэк!э мык!уэдыжыр»
Щыжа!эк!э, сщымыхъу сэ гъэщ!эгъуэн
Ат!э ар зейр дунейм щытемытыжк!э
Къэнам зэрызедмыхьэм сыт дэбгъуэн?

Ат!э фэ дауэ къывгуры!уэрэ адыгэ хьэл, хабзэ жыхуэт!эхэр? Ар къритщ!энщ фи унэ лэжьыгъэхэм.

3. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэн.

1. Доклад адыгэ хабзэм теухуауэ; усэхэр; псалъэжьхэр; псалъэ пэжхэр;

А) докладым ц!ыхуит! къоджэхэр;

Б) псалъэ пэжхэр зыпадзыжу; Адыгэ псалъэжьым зэрыжи!ащи: «Пэжыр дыщэм нэхърэ нэхъ лъап!эщ», « Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ».

Иджыпсту дедэ!уэнщ Жабагьы и псалъэ пэжхэм:

1. Щ!ыхьыр пхуэфащэрэ
   Жьант!эм удэсым,
   Гупсыси псалъэ,
   Зыплъыхьи т!ыс

2. Щ!ыхь хуэмыфащэу зыгъуэтым, Махуэ
   щЬщыгъуэщ и бжьыгъуэр, Щ!ыхь
   зыхуэфащэу зимы!эм
   И !эр нэщхъыф!эу еубыд.

3. Щ1алэф!ыр унэншэм,
   Къуаншагьэр къытохуэ,
   Хуэмыхур дыхьэшхым
   !уэху ищ!эу къелъытэ.

4. Ижьым щыгъуазэр Зек!уэр
   иц!ыхумэ, ар !ущщ Пэжыр и
   гъуазэрэ
   Захуэм щ!эбэнмэ, ар л!ыф!щ.

2. Аминэ (усэ)
3. Тимур (усэ)
4. «Ф!ыщ!э». Щомахуэ Амырхъан. Усэр зэпкъырыхауэ.

1. Фызыжь е л! ыжь ухуэзамэ
   Хьэлъэ ихьым ар щхьэщых
   Гъуэгум мывэ щыплъэгьуамэ
   Ублэмык!у арии тех

2. Куэдрэ адэм къыжри!эу Ар
   зэхихти и къуэ Хьуд «Ул!щ
   уэ щ!алэр» жригъы!эу Зыгуэр
   ищ!эн и мурадт.

3. Зы пуд ныкъуэ хъун и!ыгьу
   Л!ыжь гуэр щхьэлымк!э къик!ыжт И
   школ формэр къек!у щыгьу Хьудри
   псынщ!эу унэм к!уэжт

4. Дадэ,дадэ, къэувы!эт Хьудым
   л!ыжьым къыпежыхь Ми уи къэпым
   сыщ!эгьы!эт Къащтэ мыдэ сэ сыгъэхь

5. Иоплъыр дадэ къэп гъуэжьыжьым Ар
   хуэм дыдэу зыпщ!эхех
   !эу, емык!укъэ, - же!э л!ыжьым
   Хьэлъэщ къэпыр, мыр с!омых.

6. Ауэ Хьудым ар идакъым
   Л!ыжьым хьэлъэр псынщ!э щещ!
   Дади щ!алэр къигьэнакъым
   Ныщымытхъуу ф!ыщ!э хуещ!

7. Илъэсищэ упсэу щ.'алэ
   Яф!эмащ!эу къэбгъэщ!ар
   Л!ыгьэ фи!эщ дэ ди щ!эблэм
   Сщыгъупщэнкъым къысхуэпщ!ар

Сыт Щомахуэ Амырхъан и усэмк!э дигъэлъэгьуну зыхуейр?
Фэри гъуэгу фытету апхуэдэ фрихьэл.'эмэ фыблэк.'уу фемыжьэжу гулъытэ хуэфщ!ын хуейщ.
Нобэ, ц!ык!ухэ, фэрэ дэрэ хабзэм теухуауэ псалъэмакъ зэредгъэк!уэк!ыр зэхихати Къэщ!эрей упщ!э зыбжанэ къытхуригъэхьащ. Фыпэлъэщыну п!эрэ абы и упщ!эхэм? (конвертым дэлъ упщ!эхэм жэуап ират)

1. Нэхъыжь къепсамэ - сыт жа!эрэ?
   (Жьыщхьэ махуэ ухъу! Жа!э)

   2. Ц!ыхубзищ е ц!ыхухъуищ зэгъусэмэ, нэхъыжь дыдэр дэнэ деж здэщытыпхъэр? Нэхъыщ!эр-щэ?

3. Ц.'ыхур гъуэгуанэ техьамэ сыт жра.'эр? (гъуэгу махуэ).

4. Нэхъыжь гъуэгу техьам зыгуэр къыщыгъупщамэ дауэ иратыжрэ?

Псоми дощ!э ди псалъэжьхэр зылъэмы!эс !уэхугъуэ щ!агъуэ зыри зэрыщымы!эр. Ахэр топсэлъыхь хэкум, анэм, ц!ыхум и !уэхщ!афэхэм, нэгъуэщ!хэми. Нобэрей ди урокми псалъэжь зыбжанэ фхуэзгъэхьэзырати зыхэлъэдэжри зыхэзэрыхьыжащ. Тхузэхэхыжмэ девгъэплъыгг ахэр:

1. Къэщэху, щэн, напэ, псэр.
2. Бзыпхъэ, хабзэр, ф!ыщ!э, трак.
3. Хабзэр, адыгэ, щ!эинщ, адэ.

Псоми зэрытщ.'эщи Къэзэнокъуэ Жэбэгъы ц!ыхухэм я чэнджэщак!уэу, хабзэм ф!ыуэ хищ!ык!ыу зэрыщытам щыхьэт абы и псалъэ пэж ди деж къэсахэр, псалъэжь зыхилъхьахэри, и чэнджэщхэр.

1. Гупсыси псалъэ...
2. Дахэмкъимыхь...
3. Нэмысыр лъэ! ук! э...
4. Ул.'мэ жып!ар...
5. Чэнджащэ...

Иджыпсту Къэщ!эрей и кроссвордым делэжьынщ.

1. нэжэгужэ псалъэм мыхьэнэк!э къыпэщ!эуэ псалъэ.
2. М - к!эухыр сыт хуэдэ падеж ззейр?

3. екъуантек!э щ!эттхъэр псалъэухам и сыт хуэдэ пкъыгъуэ?
4. У-м и ужьк!э зэи дымытх хьэрф?
5. мыхьэнэ пыухык!а зи!эр сыт ?

н э щ хъ е й
, э р г а т и в н э
с к а з у е м э ы
п с а л ъ э у х а

Къэщ!эрей и упщ!эхэм жэуап ефтащ, фпэлъэщащ, иджы сэ зы упщ!э фхузи!эщ...

<u>Напэ</u> - псалъэм сыт хуэдэ мыхьэнэ зыхуэмыуэхэр? •

1. !эпкълъэпкъым щыщ !ыхьэ
2. Тхылъ, тетрадь хуэдэхэм щыщ !ыхьэ (тхылъ напэ)
3. Ц! ыхугъэ (напэ и! эщ)

Пэж дыдэщ адыгэ хабзэм и фащэ нэхъыф!хэм ящыпц зыщ ц!ыхугъэри. А ц!ыхугъэ жыхуэт!эм дэщ!ыгъуу къок!уэ гуапагъэри. Гуапагъэр ц!ыхум и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Ик!и сыхуейт нобэ Тхьэгъэзит Зубер и «Гуапагъэ» усэм и гугъу тщ!ыну

Псалъэ гугъухэр:
Акъужь - жьы
У и мыц!ыхуыгъэ - умыц!ыху
Мамыр жьэгу
Гъэр - плен

*

Ц!ыхугъэр, гуапагъэр ди адыгэ хабзэм щыщщ. « Хабзэ» псалъэм адыгэхэм деж куэд къызэщ!еубыдэ. Ди хабзэм яхэткъым жыгъейуэ къэплъытэ хъун, гулъытэ зыхуумыщ!ын. Ахэр ц!ык!уми инми ящ!апхъэщ. Хабзэ здэщымы!эм нэмыс щы!экъым, нэмыс здэщымы!эм нэсыпи щы!экъым, жи!ащ пэсэрейм. Абы къыхэк!к!э адыгэ хабзэм игугъу тщ!ырэ тщыгъупщэж мыхъуу сытым дежи зэрывгъэзэщ!эным фыхуыщ!экъун хуейщ. Нобэрей ди урокыр зэхуэтщ!ыжыну ди гуапэщ хъуэхъук!э.